

Fiv Senk Bagay pou w Fè si ICE oubyen yon Patwouy Fwontalyè ta Kenbe yon Moun pa ou ou Renmen

Dènye mizajou 19 Desanm, 2025

Nan lane 2025, peyi Etazini te fè eksperyans yon ogmantasyon dramatik nan fòs ICE ak operasyon nan zòn travay yo, tribinal imigrasyon yo, ak zòn piblik tankou lari yo. Si ICE te arete yon moun ou renmen, oubyen nenpòt lòt ajans ki aplike lwa sou imigrasyon, men kijan pou jwenn kote yo ye, jwenn èd legal, prepare dokiman ki esansyèl yo, epi tou ofri sipò lè yo bezwen sa. Gid sa a prezante senk etap enpòtan pou ede w navige nan pwosesis difisil saa :

1. Kijan pou jwenn moun ou renmen an


Etap 1: Rasanble epi dokimante tout detay sou detansyon an:

- Dat, lè ak kote arestasyon an te fèt
- Idantifye enfòmasyon sou ofisye ki te arete yo, tankou non ajans lan ak nimewo plak machin (si sa posib)
- Nenpòt bagay ki te di pandan rankont lan ak kijan ofisye yo te abiye (si tout fwa idantite yo pat klè)
- Enpòtan: Si ou sispèk moun pa ou an te pito kidnape epi pa moun ki tap fè tèt yo pase pou Ifòs lòd, rele lapolis touswit pou rapòte yon ka kidnapi.

Etap 2: Chache enfòmasyon moun yo te arete [ICE Online Detainee Locator System \(ODLS\)](#).

Ou pral bezwen swa:

- Non konplè, dat nesans, ak peyi de nesans **OUBYEN**
- Nimewo Rejistrasyon Etranje(A#): yon 9 nimewo inik otorite imigrasyon asiye ke ou kapab jwenn nan dokiman ofisyèl USCIS, oubyen tribinal imigrasyon, oubyen pèmi travay. Si se premye fwa yo rankontre, yo ap ba yo yon nouvo nimewo A#.
- Nòt: *Sistèm nan ka pa reflete dènye arestasyon yo nan premye 48 èdtan yo.*
- Konsèy itil:
 - Eseye varyasyon ak chanjman non yo epi tcheke pou erè otograf, espesyalman avèk non fanmi ki gen tirè oubyen doub non.
Egzamp: García Vasquez vs. Garcia-Vazques.
 - Eseye diferan fòm dat pou dat nesans lan, tankou envèse mwa a ak dat la.
 - ODLS pa ka chache dosye moun ki poko gen 18 lane. Pa egzanp, pou lokalize minè, manm fanmi yo ka kontakte Biwo SAnT Apèl Nasyonal pou reyentegrasyon refijye yo nan 1-800-203-7001. Sant la louvri 24/7.



Fiv Senk Bagay pou w Fè si ICE oubyen yon Patwouy Fwontalyè ta Kenbe yon Moun pa ou ou Renmen

Dènye mizajou 19 Desanm, 2025

Etap 3: Si lokalizatè ICE lan pa montre okenn dosye sou moun pa ou a, ou ka kontakte biwo ERO ICE local la yo ak lòt sant detansyon tou. Kenbe nan tèt ou ke ICE kenbe moun nan plizyè kote tankou sant detansyon ICE, prizon federal, ak prizon local yo.

Nòt: li komen anpil pou ICE transfere moun yo arete nan diferan sant detansyon a travè tout peyi a, san okenn esplikasyon ak notis pwobab.

2. Rasanble Dokiman Enpòtan yo

Prepare epi konsève kopi dokiman esansyèl ki ka nesesè pou defans legal. Lè avoka a gen bagay sa yo sou men, sa ka ede li bati yon ka ki pi solid.

Sa yo enkli:

- Idantifikasyon (paspò, ID eta a)
- Dokiman imigrasyon (viza, avi pou parèt)
- Sètifika nesans ak maryaj
- Dosye medical
- Dokiman legal anvan oubyen dosye tribinal

Ajans:	Enfòmasyon pou kontakte (Links):	Konsiderasyon:	Kòd QR:
ICE	• Biwo Operasyon ICE ak Depòtasyon sou Teren • Sant Detansyon ICE yo	Chache sant detansyon ICE oubyen biwo teren ki pi pre kote moun nan te nan detansyon an.	 
Biwo Prizon yo	Biwo Prizon Federal pou Lokalize Prizon nan Prizon	Prizon federal yo te konn itilize pou moun ki te akize de krim federal yo, kounye a yo itilize yo tou pou moun ki gen ka depòtasyon.	
Konsila	Enfòmasyon Kontak Anbasad ak Konsila Etranje yo	Imigran ki nan detansyon yo gen dwa jwenn asistans konsilè. Sepandan si moun pa ou renmen an ap chache azil epi li pè gouvènman li an, kontakte konsila a kapab nwizib pou dosye azil la.	

Fiv Senk Bagay pou w Fè si ICE oubyen yon Patwouy Fwontalyè ta Kenbe yon Moun pa ou ou Renmen

Dènye mizajou 19 Desanm, 2025

3. Chache Reprezantasyon Legal epi Idantifye Pwochen Dat Randevou nan Imigrasyon

Ou ka tcheke sitiyasyon moun pa ou an ak dat pwochen odyans imigrasyon an sou entènèt nan [pòtal EOIR](#) sou sitiyasyon oubyen lè ou rele liy otomatik EOIR la (1-800-898-7180). Ou ap gen bezwen dosye sa yo nimewo Alien ak nasyonalite.

Sipò legal la esansyèl. Ou kapab kontakte yon avoka imigrasyon prive oubyen yon founisè sèvis legal imigrasyon san bi likratif pou konprann opsyon yo genyen nan pwosesis kalifikasyon pou ekspilasyon oubyen kosyon oubyen pwosesis demann lan. Ou kapab chache you avoka imigrasyon prive nan zone ou rete atravè [Asosyasyon Avoka Imigrasyon Ameriken yo](#) oubyen [Pwojè Defans Dwa Moun kap chache azil/Asylum Seeker Advocacy Project \(ASAP\) lis avoka prive yo](#). The [National Immigration Legal Service Directory](#) genyen yon lis founisè sèvis legal imigrasyon san bi likratif nan zòn ou. Akòz anpil demann. Li ka difisil pou jwenn èd rapidman nan men yon founisè sèvis legal touswit. Ou ka kontakte [Rezo Liy Dirèk Rapid Local](#) ou a pou sipò ijans tou.

Pòtal Estati ka EOIR	
Anyè Sèvis Legal Imigrasyon Nasyonal	
Liy Rezo Dirèk Rapid	
Asosyasyon Avoka Imigrasyon Ameriken yo	
ASAP lis avoka prive yo	

4. Rete Konekte epi Bay Sipò

Lè moun pa ou an rive nan yon sant detansyon pou premye fwa, an jeneral li ka fè yon apèl telefòn gratis ak yon moun li chwazi pou fè yon ti pale. Sonje yo kapab Selman rele moun yo sonje nimewo yo nan tèt yo. Pare pou resevwa apèl telefòn yo.

Aprè sa, moun ki gen lajan nan kont komisyon yo kapab fè apèl telefòn depi nan selil lojman yo. Si toutfwa genyen ijans nan fanmi an epi moun pa ou an pa genyen ase lajan, yo kapab mande anplaye oubyen yon moun kap travay pou ICE pou bayo fè yon apèl gratis. Silvouplè konnen byen majorite apèl ou fè ICE kapab mete yo sou siveyans epi anrejistre yo, Selman apèl telefòn ak yon avoka oubyen yon anbasad ki pap anrejistre oubyen sou siveyans, paske yo konfidansyèl.

Yon fwa ou jwenn moun pa ou an, kontakte sant detansyon an pou ou ka aprann sou opsyon kominikasyon yo. Gen kèk sant detansyon ki pèmèt visit an pèsòn, tandiske gen lòt ki pèmèt apèl videyo. Si ou pa genyen estati imigrasyon, **pinga** vizite yon sant detansyon imigrasyon an pèsòn.



Fiv Senk Bagay pou w Fè si ICE oubyen yon Patwouy Fwontalyè ta Kenbe yon Moun pa ou ou Renmen

Dènye mizajou 19 Desanm, 2025

An jeneral, yo pa pèmèt okenn agay fizik tankou rad oubyen manje, piske sant detansyon yo bay yo dirèkteman. Sepandan, yo kapab pèmèt atik tankou papye legal, liv, ak lèt tou depann de règleman sant la. Si ou ta renmen voye lajan pou bezwen pèsònèl oubyen manje, mande etablisman detansyon an kijans ou kapab fè sa sou kont komisyon moun pa ou an.

Kont komisyon: kenbe tout lajan yo te genyen lè yo te nan detansyon ak tout lajan yo resevwa pandan yo andedan sant lan. Yo kapab itilize l' pou achte tenb, fè apèl telefòn, achte ti goute ak lòt bagay. Si toutfw a yo transfere moun pa ou an nan yon lòt sant detansyon, ICE dwe transfere balans kont la nan nouvo detansyon an. Yo dwe retounen nenpòt balans ki ta rete lè yo lagae oubyen depòte moun

5. Kisa k' ap Pase ak Ka Moun Mwen Renmen an Apre yo Fin Arete li?

Moun pa ou an ka gen dwa a yon odyans devan yon jij imigrasyon. Gen kèk moun ki pa kalifye pou yon odyans, pa egzanp, akòz yon lòd pou retire kò yo ki an vigè (yo te deja resevwa lòd pou yo te depòte men yo pat kite). Si yo nan yon pwosedi ekspilsyon rapid epi yo pat eksprime laperèz pou yo retounen nan peyi pa yo, oubyen si yo te deja depòte yo epi yo te rantre ankò nan peyi USA san okenn otorizasyon. Depann de sikonstans ka yo, moun pa ou a kapab konsidere pou liberasyon sou kosyon oubyen pawòl (libète sou kondisyon) pandan lap tann randevou pou yon odyans planifye.

Si moun pa ou yo genyen kesyon konsènan ka li ak opsyon legal, yo kapab rele avoka ki sou lis founisè sèvis legal gratis ICE la lè yo itilize liy telefòn an tout sekirite ki disponib nan chak inite lojman. Sèvis sa yo genyen anpil demann, kifè yo ta dwe kontinye eseye si liy telefòn yo okipe. Yo kapab tou rele American Bar Association (BAR) Liy Enfòmasyon Oryantasyon Legal la lè w rele 2150# nan nenpòt kote nan sant detansyon ICE telefòn an tout sekirite.

Resous Adisyonel

Pwojè Imigrasyon Nasyonal- ICE arete yon manm kominote mwen an, kisa pou fè (disponib an anglè, espagnòl, Kreyòl Ayisyen)	
Konnen Dwa Ou: Senk Bagay Paran ki Arete pa ICE Dwe Konnen (disponib an anglè, espagnòl, Kreyòl Ayisyen)	
ImportaMi genyen yon gwo atik ak enfòmasyon konsènan sa pou fè si ou genyen yon lòd pou depòtasyon.	
Si ou bezwen plis enfòmasyon pou jwenn nimewo Alien (A#) ou, tcheke atik ImportaMi la.	